

Child's name:
Date of birth:
Today's date:

Filled out by:
Relationship to child:

M-CHAT (Modified Checklist for Autism in Toddlers)

Tanpri ranpli fòm sa a ki konsènan jan pitit ou a konn aji. Tanpri eseye reponn chak grenn kesyon. Si konpòtman an konn rive raman (kidonk, ou konn wè li yonn oubyen de fwa konsa), reponn konmsi timoun nan pa te janm gen konpòtman sa a ditou.

1. Èske pitit ou an renmen lè w'ap bèse'l, oswa lè w'ap balanse li sou jenou ou, elatriye	Wi	Non
2. Èske pitit ou an konn enterese (renmen jwe) ak lòt timoun parèy li?	Wi	Non
3. Èske pitit ou an konn renmen grenpe pou li monte sou bagay, tankou eskalye?	Wi	Non
4. Èske pitit ou an konn renmen jwe koukou/apa li, kach kach liben/lago kache	Wi	Non
5. Èske pitit ou konn pretann jwet, komsi l'ap pale nan telefòn, oubyen l'ap okipe pope-li, oubyen l'ap fè lòt bagay kèlkonk?	Wi	Non
6. Èske pitit ou an janm lonje dwèt li pou li vize yon bagay l'ap mande?	Wi	Non
7. Èske pitit ou an janm lonje dwèt li pou li vize, epi montre yon bagay ki enterese li?	Wi	Non
8. Èske pitit ou an konn jwe byen ak ti jwèt piti (tankou ti machin, oubyen ti blòk an bwa) san li pa foure yo nan bouch li, vire yo, tounen yo, oubyen lage yo atè?	Wi	Non
9. Èske pitit ou an janm pote bagay devan ou (kòm paran) pou li montre ou?	Wi	Non
10. Èske pitit ou an konn gade ou nan je, pou plis ke yonn ou de segonn?	Wi	Non
11. Èske pitit ou an janm parèt tankou li trò sansiv pou li tandè bri (kidonk, li konn bouche zòrèy li)?	Wi	Non
12. Èske pitit ou an konn souri lè l'ap gade figi ou, oubyen lè li wè w'ap souri ba li?	Wi	Non
13. Èske pitit ou an konn imite ou? (kidonk, si ou fè yon grimas, li fè you grimas tou?)	Wi	Non
14. Èske pitit ou an reponn lè ou rele non'l?	Wi	Non
15. Si ou lonje dwèt ou sou yon jwèt nan chanm nan, èske pitit ou an ap voye je'l sou li?	Wi	Non
16. Èske pitit ou an mache?	Wi	Non
17. Èske pitit ou an gade bagay li wè w'ap gade?	Wi	Non
18. Èske pitit ou an fè mouvman ki dwòl ak dwèt li, tou pre bò figi li?	Wi	Non
19. Èske pitit ou an konn eseye atire atansyon ou pou fè ou gade aktivite l'ap fè?	Wi	Non
20. Èske ou janm mande tèt ou, si pitit ou an soud?	Wi	Non
21. Èske pitit ou an konprann sa moun di?	Wi	Non
22. Pafwa, èske pitit ou an konn fikse je li sou anyen, (pitit la nan lalin) tankou je li yo ap flannen nan levid?	Wi	Non
23. Èske pitit ou an konn gade figi ou pou li wè ki reyaksyon ou, lè li devan yon bagay (ou byen you sitiyaion) li pa twò rekonèt?	Wi	Non

FOR CLINIC STAFF ONLY:

Scoring: ☐ Positive (≥ 2 of best 7) ☐ Positive (≥ 3) ☐ Negative (< 3 ; < 2 of best 7)

Plan for Follow-Up:

☐ internal CHA referral	☐ parent refused referral	☐ already in treatment
☐ external referral	☐ parent education provided	☐ return visit with PCP
☐ referred to EI	☐ refused to complete	☐ routine follow-up

☐ unable to complete

☐ other:

Physician signature: